

BAB V

PANUTUP

5.1 Kacindekan

Dumasar pedaran panalungtikan dina bab opat, di handap mangrupa kacindekan hasil panalungtikan anu ngawengku ulikan struktur jeung étnopédagogik.

- a. Buku anu dianalisis nya éta buku *Wawacan Panji Wulung* karya R.H. Muhammad Musa wedalan Cupumanik citakan ka tilu taun 2009.
- b. Pupuh anu dipaké nya éta asmarandana, dangdanggula, durma, kinanti, magatru, maskumambang, mijil, pangkur, pucung, jeung sinom. Pupuh pangkur jeung magatru anu réa kasalahanna. Padalisan kadua guru wilanganna béda. Dina pangkur, guru wilanganna anu kuduna 12 jadi 11, dina magatru guru wilanganna anu kuduna 8 jadi 7.
- c. Wawacan Panji Wulung kabagi kana 28 bagian, téma anu kapanggih dina *Wawacan Panji Wulung* nya éta téma kemanusaan.
- d. Palaku utamana nya éta Radén Panji Lembu Wulung sarta palaku anu marenganna lolobana protagonis, di antarana Andayaningrat, Prabu Déwakéswari, Prabu Sepuh, Janggala Janggali, Daéng Bramani jeung Ki Juru Tani, antagonis dina carita nya éta Andakasura, jeung pawarang Raja.
- e. Galur tina carita di luhur nya éta tiheula pandeuri atawa campuran sabab di awal dicaritakeun ngeunaan Tunjungsari anu kakandung sarta dipitnah ku pramésuari, terus dicaritakeun ngeunaan lahirna Radén Panji. Tuluy nyaritakeun lalampahan Radén Panji. Nalika lalampahan panggih jeung rampog. Rampog cacarita ngeunaan dukun anu lepus anu mitnah Tunjungsari. Sanggeus kitu balik deui kana carita lalampahan Radén Panji.
- f. Judul buku anu di analisis nya éta wawacan panji wulung. Dumasar hasil analisis, judul panalungtikan ieu téh luyu jeung eusi anu dianalisis nya éta ieu buku nyaritakeun ngeunaan awalna panji wulung lahir nepi ka sawawa.

- g. Puseur implengan anu kapendak dina carita *Wawacan Panji Wulung* jalma katilu teu kawatesanan.
- h. Simbol anu kapanggih dina *Wawacan Panji Wulung* nya éta: duit, lontar, tandu joli, lawé ronték, inten, makuta, mariem, bedil, jeung babancongan.
- i. Atikan karakter anu kapanggih dina *Wawacan Panji Wulung* aya 13 karakter, nya éta *semangat kebangsaan, jujur, menghargai prestasi, religi, toleransi, disiplin, kerja keras, demokrasi, rasa ingin tahu, mandiri, peduli sosial, komunikasi/bersahabat, jeung tanggung jawab*.
- j. *Wawacan Panji Wulung* bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran di Kelas XII SMK lantaran dina eusi wawacan ieu loba ajén-ajén atikan. Picontoeun jeung pieunteungeunna ogé loba kapanggih dina wawacan boh keur masarakat boh keur para rumaja. Ieu hasil analisis bisa jadi picontoeun sarta pieunteungeun urang boh dina atikan formal.

5.2 Saran/ Rékomendasi

Dumasar anu geus dipedar di luhur aya sababaraha saran pikeun ngeuyeuban jeung ngamekarkeun panalungtikan ngeunaan sastra Sunda.

- a. Mudah-mudahan ieu hasil panalungtikan bisa leuwih dimekarkeun deui ngagunakeun tilikan séjén.
- b. Référénsi pikeun di baca ku sadaya pihak.
- c. Bisa jadi salah sahiji alternatif bahan pangajaran di SMK.